



Pou Piblikasyon Imedya: 03/07/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL SIYEN YON LEJISLASYON KI VIZE ABÒDE LAJ MINIMÒM SOVTÈ YO NAN ETA NEW YORK

Lejislasyon (S.6467-A/A.5821A) etabli ke sovtè yo nan kan timoun yo ka gen pou pi piti 15 ane si yo gen sipèvizyon dirèk

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a li te siyen lejislasyon enpòtan pou adrese laj minimòm sovtè yo nan kan timoun yo. Lejislasyon (S.6467-A/A.5821A) pral mande pou sovtè nan kan timoun yo gen omwen 17 ane eksepte ke jiska 50 pousan nan kantite sovtè obligatwa ki an fonksyon yo ka gen omwen 15 ane si yo anba sipèvizyon yon direktè akwatik kan. Sovtè ki nesesè pou naje nan lanati dwe gen omwen 18 ane.

"Nouyòkè yo merite opòtinite pou yo jwi san danje plaj ak kan klas mondyal nou yo atravè eta a", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lejislasyon sa a pral ede rezoud mank sovtè, pandan l ap asire timoun nou yo ak Nouyòkè parèy nou yo jwenn sipèvizyon epi an sekirite nan dlo yo ete sa a".

Pou adrese mank sovtè nan Eta New York, lejislasyon (S.6467-A/A.5821A) pèmèt ogmante kantite moun ki ka vin sovtè pandan lannwit, jou dete, ak kan dete vwayaj pou timoun yo.

Komisè Sante Eta New York la, Doktè James McDonald, te deklare, "Paran nan New York yo merite lapè nan tèt yo pou konnen pitit yo an sekirite epi byen sipèvize lè yo ale nan kan dete, sitou lè yo ap naje epi ap patisipe nan aktivite dlo. Sovtè yo nan New York byen fòme ak ekipe pou reponn ak sove lavi si gen yon ijans. Lejislasyon sa a pral kenbe najè yo nan kan an sekirite pandan l ap kreye opòtinite pou plis jèn ki enterese vin tounen yon sovtè".

Komisè Pak Eta New York la, Erik Kulleseid, te deklare, "Sovtè yo enpòtan anpil pou asire eksperyans ki an sekirite ak agreyab nan divès kalite enstalasyon natasyon nan New York. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Lejislati eta a paske yo apwouve mezi sa a pou ogmante rezèv sovtè yo atravè eta a. Kòm yon ansyen sovtè Pak Eta Harriman, mwen ankouraje jèn Nouyòkè yo pou yo pouswiv sovtaj kòm yon fason pou fè lajan, jwenn eksperyans travay ki gen anpil valè, epi sèvi piblik la".

Senatè Eta a, James Skoufis te deklare, "New York ap fè fas ak yon gwo mank sovte, sa gen ladan nan kan dete nou yo. Pwojè lwa nou an pou bese laj minimòm sovte yo nan kan yo soti 16 rive 15 ane pral ede nou ogmante rezèv pwofesyonèl sekirite dlo ki elijib yo, ede plis adolesan jwenn travay dete ki siyifikatif, epi kenbe kanping New York yo kontan ap naje. Mwen bat bravo pou Gouvènè a poutèt li siyen mezi enpòtan sa a".

Manm Asanble Charles D. Lavine te deklare, "Nan mitan yon mank kontinyèl aplikan pou sovta, nouvo lwa sa a, ke mwen te sipòte nan Asanble a, pral ede kenbe timoun yo nan kan dete nan Eta New York an sekirite. Nenpòt enkyetid moun ta ka genyen konsènan laj yo ki bese yo ap soulaje avèk egzijans ke sovte sa yo toujou ap gen pou yo pase tout menm kondisyon yo epi pou yo jwenn menm sètifikasyon ak ansyen sovte yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)